



Pou Piblikasyon Imedya: 30/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN FAZ II PWOJÈ DRAGAJ REJYONAL KI KOUTE 15 MILYON DOLA NAN ETA A

Achèvman dragaj nan 20 pwojè atravè uit Konte pral ogmante rezilyans ak sipòte lwazi

Faz III pwojè a ta dwe fini an 2022.

Nan kad Inisyativ sou Rezilyans ak Devlopman Ekonomik 300 milyon dola eta a ('REDI')

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvman Faz II Pwojè Dragaj Rejyonal 15 milyon dola Eta New York la. Pwojè Dragaj la fè pati [Inisyativ sou Rezilyans ak Devlopman Ekonomik](#) (Resiliency and Economic Development Initiative, REDI) ki koute 300 milyon dola pou repare ak bati rezilyans nan kominote yo ki ap rekipere anba dega ke nivo dlo wo ak inondasyon yo te lakòz nan Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence.

"Kominote yo nan Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence te andire tèlman anpil bagay deja anba dlo inondasyon yo epi operasyon dragaj nou yo jwe yon wòl enpòtan nan kreye litoral ki pi rezilyan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk travay sa a ki fini kounye a, rezidan ak touris yo pral benefisye pi bon aksè nan vwa navigab enpòtan sa yo, ede ranfòse ekonomi lokal yo ak ankouraje navigasyon rekreyatif ki sekiritè".

Objektif Pwojè Dragaj Rejyonal REDI a, ki etabli an 2019, se pou bay yon apwòch global ak bezwen dragaj aktyèl yo pou kanal navigasyon pò yo ki itilize prensipalman pou navigasyon rekreyatif ak refij. Dragaj la retire sediman nan fon vwa navigab yo pou pèmèt yon pò ki san danje ak pasaj bato kontinyèl. Atravè de faz yo, pwojè a te abòde dragaj antretyen ki nesèsè pou 20 kanal navigasyon pò a. Plis pase swasant kenz pousan sediman dragaj te reyitilize yon fason benefik nan yon seri fason ki gen ladan restorasyon plaj, plasman litoral ak ranbleyaj jeneral.

Dragaj k ap fèt nan kad Pwogram Dragaj Rejyonal REDI a gen ladan:

- Rivyè Salmon/Port Ontario, Soti Sandy Pond (Konte Oswego)
- Pò Olcott, Pak Eta Golden Hill (Konte Niagara)
- Pò Oak Orchard, Johnson Creek (Konte Orleans)
- Sandy Creek, Bè Braddock, Soti Long Pond, Bè Irondequoit (Konte Monroe)
- Pò Bear Creek, Pultneyville, East Bay, Port Bay, Blind Sodus (Konte Wayne)

- Clayton French Creek Marina, Henderson "The Cut" (Konte Jefferson)
- "Kanal pa Devan Vil" Ogdensburg, Kanal Navigasyon Morristown (Konte St. Lawrence)
- Little Sodus Bay (Konte Cayuga)

Eliminasyon sediman final ak restorasyon sit la ankou. Pò yo ki nan Pwojè Dragaj Rejyonal sou rivaj sid Lak Ontario a estime y ap jenere 94 milyon dola nan aktivite ekonomik, avèk 3.8 milyon dola nan revni fiskal Eta a ak 3.8 milyon dola sipleman tè pou kominote lokal yo chak ane. Pò sa yo sipòte plis pase 1,350 travay lokal.

Se yon ekip plizyè ajans ki gen ladan Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS), Depatman Eta (Department of State), Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ak Otorite Enèji New York (New York Power Authority) ki pral jere Pwojè Dragaj Rejyonal REDI a avèk sipò Kò Enjenyèr Lane Ameriken an.

Komisè Pwovizwa Biwo Sèvis Jeneral Eta New York la, Jeanette Moy, te deklare, "Achèyman 20 pwojè dragaj yo se yon gwo akonplisman. Pwojè Dragaj Rejyonal REDI a dwe siksè li ak gwo patenarya nan Eta a epi lidè lokal yo ki te pran inisyativ sa a nan konsantre sou pi bon enterè kominote ki gen tandans inonde yo nan Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence. Nou pa ka tann pou kontinye ak sipò nou pou kominote sa yo pandan pwochen faz pwojè a".

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la ak Ko-Prezidan REDI a, Basil Seggos, te deklare, "Pwogram Dragaj Rejyonal REDI a se yon eleman enpòtan nan efò kontinyèl ak investisman jenerasyonèl Eta New York pou ranfòse pwoteksyon nan tout kominote bò rivaj Lak Ontario a ak Rivyè St. Lawrence lan, epi Gouvènè Hochul ap bay resous ak asistans pou ede Nouyòkè yo rebati pi solid, pi entèlijan, ak pi rezilyan apre sitiasyon gwo dlo yo. Ekspè REDI yo nan Eta a te travay san pran souf pou fè avanse 20 pwojè dragaj, ki ap ede amelyore kanal navigasyon pò a yo ak sipòte ekonomi lokal yo pandan y ap pwoteje resous natirèl yo".

Pandan faz III, ki prevwa fèt an 2022, Eta a pral fè tranzisyon jesyon pwogram lan bay Konte yo epi bay enfòmasyon yo bezwen pou mete ajou, elaji ak aplike Plan Jesyon Dragaj Rejyonal la pou kenbe kanal yo operasyonèl nan ane k ap vini yo.

Sipò inisyalyal Eta a pou Pwojè Dragaj REDI Rejyonal la te fèt pou bay konte yo nan Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence la tan ki nesès pou elabore yon plan operasyonèl, antretyen ak finansman alontèm pou kenbe kanal navigasyon rekreyatif yo alavni.

Prezidan Lejislatif Konte Orleans lan, Lynne Johnson, te deklare, "Nan non tout konte manm yo nan Konsèy Jesyon Dragaj Rejyonal Lak Ontario a (fòmè kòm yon inisyativ sèvis pataje pa Alyans Rejyonal Niagara-Orleans), apresyasyon sensè nou ale jwenn Gouvènè a ak tout sila yo ki te pèmèt pwojè ekonomik enpòtan sa a posib".

Prezidan Administrasyon ak Finans Lejislati Konte Niagara a, David E. Godfrey, te ajoute, "Lidèchip ak finansman pral ede kenbe vwa navigab nou yo sekirite ak navigab. Nan fè sa, konte bò lak nou yo kapab kontinye atire pechè espòtif ak vwayajè nan bato yo nan nivo lokal ak entènasyonal".

Lidè Minorite Sena a, Rob Ortt, te deklare, "Ti vil yo ak kominote yo sou bò lak nou an depann anpil de aksè yo nan Lak Ontario, ak kapasite pou navige sou dlo yo ki soti nan lak la gen yon enpak ekonomik dirèk sou kominote bò lak sa yo. Achèyman Faz 2 pwojè dragaj rejyonal Komisyon REDI a pral vle di yon avni alontèm ki pi dirab pou rejyon bò dlo Lak Ontario a, epi mwen aplodi Eta New York dèske li rekonèt kijan chak nan 20 sit dragaj sa yo enpòtan pou zòn respektif yo".

Senatè Patty Ritchie te deklare, "Vwa navigab nou yo reprezante kèk nan resous ki pi enpòtan nou yo, ki ofri opòtinite san fen pou lwazi, ki atire touris ak ranfòse ekonomi lokal yo, pami lòt benefis yo. Mwen kontan travay la fini kounye a nan Pwogram Dragaj Rejyonal REDI a epi mwen pa ka tann pou wè kijan pwojè ki fini sa yo pral benefisye sila yo ki itilize vwa navigab nou yo, ekonomi kominote yo ki konekte sou litoral yo ak vitalite rejyon nou an antye".

Senatè Jeremy Cooney te deklare, "Mwen fyè pou m reprezante Vil Rochester, yon kominote ki defini pa aksè li nan dlo. Pwogram dragaj rejyonal REDI yo benefisye bezwen antretyen 20 kanal navigasyon nan rejyon nou an, ankouraje dirabilite pou karakteristik natirèl yo ak sekirite pou vwayajè nan bato yo nan litoral sid Lak Ontario. Nan sipòte plis pase 1,300 travay lokal ak bay 3.8 dola pou kominote lokal yo, pò sa yo se yon resous pou devlopman ekonomik pwojè sa yo byen sèvi. Mwen rekonesan pou Komisyon sou Rezilyans ak Devlopman Ekonomik la pou sipò kontinyèl yo nan vwa navigab kominote nou an".

Senatè Pamela Helming te deklare, "Investisman sa yo te lakòz enfrastrikti ki pi solid, pwoteksyon pou biznis ak mèt kay yo epi touris amelyore, lwazi ak opòtinite devlopman ekonomik nan kominote sou litoral nou yo. Mèsi a Eta New York ak Komisyon REDI a pou patenarya ak sipò yo".

Senatè Samra Brouk te deklare, "Pwojè dragaj ke Inisyativ Rezilyans ak Devlopman Ekonomik Lak Ontario a te resamman fini an pral pwolonje dire lavi enfrastrikti ekonomik nou epi mwen kontan fè pati investisman Eta New York nan rejyon nou an. Fè antretyen pò ak vwa navigab nou yo se yon pati esansyèl nan travay ki nesèsè pou asire enfrastrikti rejyon nou an pare pou sipòte rekiperyasyon ekonomik nou".

Will Barclay, Lidè Minorite Asanble a, te deklare, "Mwen rekonesan ke 20 pwojè dragaj sou sit nan Eta a yo nan Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence lan yo fini kounye a. Depi nan kòmansman, mwen te yon defansè pwojè sa epi trè konsyan de benefis ke ranfòse litoral yo ap ofri pou ranfòse plis boe kominote bò lak zòn nan. Vwa navigab rejyon nou an yo vital pou ekonomi lokal la epi lè investisman tankou sila a fèt pou modènize enfrastrikti ak amelyore kanal navigasyon yo, li asire siksè ekonomik alontèm

kominote ak biznis yo nan rejyon an. Kounye a ke pwojè sa a fini, rezidan ak vizitè yo nan zòn lan pral kapab jwi navigasyon rekreyatif pou plizyè ane alavni".

Manm Asanble, Mark Walczyk, te deklare, "Pwojè dragaj yo bò Rivyè St. Lawrence ak Lak Ontario pral ranfòse ekonomi nou an ak vwa navigab nou yo. Anplis pwoteksyon litoral la, pwojè dragaj sa yo pral bay pi bon aksè toujou pou pechè ak vwayajè nan bato yo. Mwen te fyè pou m sipòte yon apwòch bon sans ki fòtifye litoral yo pou yo pare pou reziste ak inondasyon alavni epi dèske sa gen yon enpak pozitif pou ekonomi nou an".

Manm Asanble Brian Manktelow te deklare, "Youn nan pi gwo pwoblèm rezidan bò lak yo te kontakte biwo mwen an pou li se konsènan bezwen pou dragaj ak netwayaj pò ak kouran dlo yo. Espwa nou sè ke sa pral pèmèt pi bon sikilasyon pandan sityasyon gwo dlo yo epi pral ogmante itilizasyon bò lak la. Mwen rekonesan dèske Eta a te fè yon plan, respekte li, fini 20 pwojè dragaj bò lak Ontario a".

Manm Asanble Michael Norris te deklare, "Achèvman Faz II Pwogram Dragaj Rejyonal REDI a se yon eleman enpòtan nan asire pwoteksyon pò nou yo, bay aksè kontinyèl pou vwayajè nan bato yo ak bato lapèch yo, epi amelyore aktivite ekonomik kle nan litoral sid Lak Ontario a. Mwen fyè pou m sipòte Inisyativ sou Rezilyans ak Devlopman Ekonomik la epi mwen felisite Gouvènè Hochul pou patenarya li ak investisman nan pwojè enfrastriki enpòtan sa yo".

Manm Asanble Stephen Hawley te deklare, "Achèvman pwojè dragaj enpòtan sa yo pandan 139yèm Distri Asanble a ak yon pati nan lwès nan eta nou an se bòn nouvèl pou avni zòn nou an, k ap asire yo ka jwenn aksè nan dlo navigab sa yo pou plizyè jenerasyon alavni".

Detay sou Pwojè Rejyonal Dragaj la nan konte Cayuga, Jefferson, Monroe, Niagara, Orleans, Oswego, St. Lawrence, ak Wayne, ansanm ak avantaj rejyonal pou tout konte sa, yo disponib [isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418